

COVID-19 DOH-Miami-Dade Sèvis WIC

Kesyon ke kliyan poze pli souvan

Mizajou 06-11-2020

- **Mwen pè soti lakay mwen e mwen pa vle ale nan ofis WIC la pou randevou mwen an. Kisa mwen dwe fè?**

Majorite randevou WIC yo kapab fèt a travè imèl oubyen telefòn. Si ou genyen yon randevou, yon anplwaye WIC ap kontakte'w anvan oubyen jou randevou a pou ede'w oubyen pou mete pwovizyon sou kat ou. Anplwaye WIC gendwa rele kliyan WIC ki gen randevou yo soti Lendi pou rive Samdi nan lè nòmal biwo a. Ou pa bezwen rele ofis WIC la pou randevou'w la-**n'ap rele'w**. Lè nou rele'w, nimewo yo ka bloke oubyen enkonni-ou pa bezwen pè se WIC k'ap rele'w. N'ap toujou idantifye nou kòm pwogram WIC Miami Dade nan Depatman Lasante nan Florid.

Rete kwè ke anplwaye WIC yo ap rele'w jiska 3 fwa. Si posib, n'ap kite yon nimewo telefòn pou'w retounen apèl la. Si nou paka jwenn ou, nou ka chanje randevou a pou yon lòt lè oubyen dat.

- **Mwen tande ke tout ofis WIC yo ap ouvè. Eske sa vle di ke mwen kapab ale an pèsòn pou randevou'm nan?**

Ofis WIC yo ouvè pou randevou an pèsòn lè li nesèsè. Majorite sèvis ke WIC bay kapab fèt nan telefòn oswa a travè imèl.

Pou randevou an pèsòn ou an:

- 1) Fòk ou rele ofis la anvan ou antre anndan'l.
- 2) Se yon sèl paran oubyen moun responsab ki ka antre nan ofis la.
- 3) Tout granmoun ak timoun ki genyen plis pase dezan oblije mete mask. Si ou pa genyen yon mask, y'ap ba ou youn gratis.

Jan nou te di anvan an, majorite sèvis WIC yo kapab fèt nan telefòn. Si ou genyen yon randevou, yon anplwaye WIC ap rele'w anvan oubyen nan jou ou genyen randevou a. Lè yo rele'w, nimewo a ka bloke oubyen make enkonni-se ka WIC k'ap rele'w tanpri reponn apèl la. Anplwaye WIC yo ka rele'w soti Lendi pou rive Samdi nan lè nòmal ofis la. Si ou pa konnen ki lè ou genyen randevou oubyen si ou genyen kesyon sou sèvis nan telefòn oswa imèl, tanpri rele 786 336 1300.

Pou yon lis tout ofis WIC ki nan konte Miami-Dade, gade nan dokiman ki titre [WIC Program Locations COVID-19](#) ke ou ka jwenn nan www.miamidadewic.org.

- **Genyen yon anplwaye WIC ki rele'm o sijè randevou mwen an e mwen rate apèl la. Kisa pou'm fè?**

Tanpri retounen apèl la nan nimewo anplwaye a kite sou telefòn ou an. Se fason ki pi rapid pou'w jwenn sèvis.

- **Mwen resevwa WIC pou tèt mwen avèk/oswa pou pitit mwen. Kisa pou mwen pou'm ka kontinye resevwa pwovizyon WIC pandan pandemi a?**

Tout kliyan yo resevwa WIC otomatikman souk kat EBT nan menm jou ou konn abitye resevwa'l la. Si ou pa jwenn li otomatikman e ou kwè ke'w te sipoze resevwa'l, rele nan 786 336 1300 pou nou ka ede'w.

- **Kòman'm ka konnen si'm gen pwovizyon souk kat mwen an? Kòman mwen ka cheke balans mwen?**

Fason ki pi fasil pou cheke pwovizyon WIC ou se a travè Florida WIC App la. Ou ka itilize aplikasyon sa pou'w wè pwovizyon ou, lis manje yo, makèt ki nan zòn kote'w rete a e ou ka menm eskane manje nan makèt pou'w wè si'w ka achte yo avèk kat WIC la. Ou ka telechaje aplikasyon an nan Google Play oswa Apple store. Ou ka jwenn enfòmasyon o sijè aplikasyon an la [here](#)

Si ou poko genyen aplikasyon an, ou kapab tcheke kont ou avèk pwovizyon ou nan entènèt la [here](#).

- **Mwen pèdi travay mwen a koz viris korona a e mwen ta renmen aplike pou WIC. Kòman mwen kapab fè sa?**

Tanpri rele 786 336 1300 pou'w mete yon randevou. Y'ap di'w kisa w'ap bezwen pou'w ka patisipe nan pwogram nan.

- **Yo te di'm ke mwen bezwen prè idantite, sous revni ak adrès mwen pou randevou WIC mwen an. Kòman pou'm bay yo pandan randevou vityèl mwen an?**

W'ap kapab bay dokiman sa yo pandan randevou ke w'ap genyen nan telefòn a travè faks oswa imèl. Ou ka voye foto dokiman yo (tankou kat didantite) avèk lòt dokiman elektronik a travè faks oswa imèl. Yon anplwaye WIC ap rele'w nan jou randevou'w la osinon avan sa e l'ap ba ou yon adrès imèl oswa nimewo faks kote ou kapab voye enfòmasyon sa. Rete kwè ke enfòmasyon sa yo pwoteje e konfidansyalite kliyan yo toujout pwoteje.

- **Kisa pou'm fè si'm pa genyen adrès imèl oswa faks?**

Tout ofis WIC yo kapab ede kliyan ki bezwen pote dokiman an pèsòn. Si ou genyen yon randevou nan WIC e ou pap kapab voye dokiman yo elektronikman, tanpri rele 786 336 1300 pou nou ka gide'w.

Pou yon lis ki genyen tout ofis WIC ki nan konte Miami-Dade, gade nan dokiman ki titre [WIC Program Locations COVID-19](#) ke ou ka jwenn nan www.miamidadewic.org.

- **Mwen pèdi kat WIC mwen an. Kòman mwen kapab jwenn yon lòt?**

Si ou bezwen yon kat EBT, fòk ou al cache li nan ofis WIC la an pèsòn. Fòk ou rele ofis la anvan ou ale ladan'l an pèsòn. Nimewo telefòn ofis la afiche devan pòt dantre a. Anplwaye ofis la a gide'w sou kisa pou'w fè. Tanpri gade nan dokiman ki titre [WIC Program Locations COVID-19](#) ke w'ap jwenn nan www.miamidadewic.org oubyen rele nan 786 336 1300 pou plis enfòmasyon.

- **Èske mwen ka fè pwovizyon a travè entènèt oubyen èske mwen ka itilize sèvis livrezon tankou Instacart oubyen lòt aplikasyon pou mwen achte manje WIC yo?**

Nan moman sa, ou paka achte manje WIC yo a travè entènèt. Instacart avèk lòt sèvis livrezon yo pa fè pati de WIC. Pou lis makèt ki fè pati de WIC , telechaje e itilize aplikasyon [Florida WIC App](#) oubyen visite sit entènèt nou a [website](#)

- **Èske WIC Miami Dade genyen yon sit entènèt oswa kont rezo sosyo?**

Wi, visite sit entènèt nou pou plis enfòmasyon nan www.miamidadewic.org. Nou ajoute [COVID-19 Response](#) pou mizajou sou pwogram WIC la.

Pwogram WIC Miami-Dade ofisyèlman nan rezo sosyo. Swiv nou sou [Facebook](#) e [Instagram](#) @MiamiDadeWIC.